



Aplikasyon pou Pwogram Limit Aryere (Arrears Cap Program)

Deskripsyon

Pwogram limit aryere a ka ede w diminye dèt sipò timoun jiska \$500. Ou pa oblije ale tribinal pou patisipe nan pwogram sa a.

Pwogram limit aryere a ede plis pase 16,000 paran paran ki pa responsab legal (Noncustodial Parents, NCPs) diminye dèt sipò timoun yo dwe gouvènman an. Epi nan kantite sa a, plis pase 5,000 fin peye tout dèt sipò timoun yo nan Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS) la.

Patisipasyon nan Pwogram limit aryere a **pa** fè okenn chanjman nan kòb sipò timoun yo dwe peye paran ki responsab legal oswa lòt Depatman sèvis sosyal ki pa nan Vil New York.

Èske mwen Kalifye?

Ou ka aplike nan pwogram limit aryere a si w gen yon dèt sipò timoun nan Depatman sèvis Sosyal (DSS) Vil New York. Montan ou dwe DSS la te dwe kòmanse ak/oswa ogmante pandan pitit ou an (yo) t ap resevwa èd lajan kach epi revni ou an te nan nivo oswa pi ba pase nivo povrete federal la.

Pou wè si revni ou genyen kounye a oswa revni ou te genyen anvan an ka kalifye, tcheke lis nivo pòvrete federal yo nan paj 3 nan dokiman sa a.

Twa (3) Etap Fasil pou Aplike

1. Tanpri, ban nou enfòmasyon sa yo sou ou ak dosye sipò timoun ou an

Non

Nimewo Kont

Nimewo Sekirite Sosyal

Adrès

Nimewo Telefòn Lajounen

2. Tanpri voye dokiman ban nou pou pwouve idantite ou ak revni ou. Prèy revni ou sèlman bezwen montre kantite lajan ou te fè pandan peryòd kote revni ou anba nivo pòvrete a.

Pou pwouve **idantite** ou, voye yon fotokopi:

- ☐ Idantite ak foto gouvènman bay (sètadi, IDNYC, lisans chofè ki valab, paspò ki valab)

Pou montre **revni** ou pandan peryòd kote ou t ap viv anba nivo pòvrete a, voye yon fotokopi mezi nan bagay sa yo ou genyen ban nou:

- ☐ Deklarasyon taks eta ak taks federal ou oswa verifikasyon ou pa te deklare
- ☐ Prèv ou resevwa Revni Sekirite Sipleman (Supplementary Security Income, SSI), Èd Lajan Kach, Medicaid, oswa SNAP
- ☐ Prèv ou te nan prizon (si w ap aplike paske ou te nan prizon)
- ☐ Twa (3) dènye souch chèk (si ou ap aplike akòz revni ou genyen kounye a)

3. Lè ou fin ranpli Seksyon 1 ak 2 pi wo a, siyen epi mete dat la nan espas ki anba yo epi voye aplikasyon sa a pa lapòs ak kopi dokiman ou yo bay:

**OCSS Customer Service Unit
PO Box 830
Canal Street Station
Attn: Debt-Reduction Review
New York, NY 10013**

Siyati Paran ki p ap Viv avèk Timoun nan: _____ Dat: _____

Remak: Si yo aksepte aplikasyon w lan, yon manm pèsònèl pwogram sipò timoun nan ap fè ou konnen sa alekri. Apresa yo pral mande pou ou siyen yon Akò. Ou bezwen siyen akò a pou benefisye rediksyon an.

Amikalman,

Travayè Sipò Timoun

Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa andikap? Eske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa'a oswa sa a mande pou ou fè a? Èske pwoblèm sa a fè l difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan Administrasyon Resous Imèn? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan **718-557-1399**. Ou kapab mande èd tou lè ou al nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa dapre lalwa.

Gid Rezime sou Nivo Pòvrete Federal la (1995–2023)	
Ane	Nivo Pòvrete Federal pou Yon (1) Moun
1995	7,470
1996	7,740
1997	\$7,890
1998	\$8,050
1999	\$8,240
2000	\$8,350
2001	\$8,590
2002	\$8,860
2003	\$8,890
2004	\$9,310
2005	\$9,570
2005	\$9,800
2007	\$10,210
2008	\$10,400
2009	\$10,830
2010	\$10,830
2011	\$10,890
2012	\$11,170
2013	\$11,490
2014	\$11,670
2015	\$11,770
2016	\$11,880
2017	\$12,060
2018	\$12,140
2019	\$12,490
2020	\$12,760
2021	\$12,880
2022	\$13,590
2023	\$14,580